**दिन–रविवार** **दिनांक–10.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे आयोजित कार्यक्रम मे समाजिक सुरक्षा पेंशन योजना मे एक करोड़ बारह लाख सँ बेसी लाभुक सभक खाता मे डीबीटीक द्वारा एक हजार दू सय सैंतालीय करोड़ टाका सँ बेसीक राशि हस्तांतरित कयलनि। एहि मे हरेक लाभार्थी के एगारह–एगारह सय टाकाक पेंशन राशि देल गेल। एहि मौका पर मुख्यमंत्री जनौलनि जे जून मास सँ समाजिक सुरक्षा पेंशन लेल वृद्ध, दिव्यांग आओर विधवा महिला सभ के हरेक मास भेटयवला पेंशनक राशि चारि सय टाका सँ बढ़ा कऽ एगारह सय टाका प्रति मास कऽ देल गेल अछि। एहि सँ योजनाक लाभार्थी सभ के पैघ राहत भेटत। एहि मौका पर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हाक संग समाज कल्याण मंत्री मदन सहनी सेहो छलाह।

---

राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव उप मुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा पर दू फरार–फराक ईपिक नंबर होयबाक आरोप लगौलनि अछि। श्री यादव आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे जनौलनि जे उप मुख्यमंत्रीक ईपिक नंबर लखीसराय विधानसभाक संग–संग बांकीपुर पटना मे सेहो अछि।

---

एम्हर, उप मुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा तेजस्वी प्रसाद यादवक आरोप पर जनौलनि जे ओ वर्ष दू हजार चौबीस मे लखीसराय मे जोड़बाक आओर बांकीपुर सँ नाम हटेबाक आवेदन दऽ चुकल छथि। श्री सिन्हा जनौलनि जे तेजस्वी यादव जानि–बुझि कऽ मिथ्या–फूसि तथ्य सँ संवैधानिक संस्थाक छवि धूमिल कऽ रहल छथि।

---

लोक जनशक्ति पार्टी, राम विलासक राष्ट्रीय अध्यक्ष आओर केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान तेजस्वी प्रसाद यादवक आरोप पर जनौलनि जे चुनाव आयोग एहि सभ गलती के ठीक करबाक लेल एस.आई.आर पर काज कऽ रहल अछि। श्री पासवान विपक्षी दल पर संवैधानिक संस्थाक अस्तित्व के समाप्त करबाक अरोप लगौलनि।

———————————————————————————

मॉनसूनक सक्रियता सँ राज्यक बेसी भाग मे मध्यम सँ भारी बरखा भऽ रहल अछि। मौस्म विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बिच कटिहार, शेखपुरा आओर नालंदा जिला मे किछु ठाम भारी बरखा भेल अछि। ओतहि, राज्यक आनो–आन क्षेत्र मे हल्लुक सँ मध्यम बारिश भेल अछि। मौसम विभागक अनुसार कटिहारक अमदाबाद मे सभ सँ बेसी एक सय उनचालीस दशमलव छओ मिलीमीटर बारिश भेल। मौसम विभाग बारह अगस्त कऽ सीतामढ़ी, दरभंगा, सुपौल, किशनगंज, कटिहार, वैशाली, सीवान, पूर्वी आ पश्चिमी चंपारण मे बेसी ठाम भारी बरखाक चेतावनी जारी कयलक अछि। एहि बिच तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ हवा सेहो चलि सकैत अछि।

———————————————————————————

प्रदेश सँ भऽकऽ जायवाली प्रमुख नदिक जलस्तर बढि रहल अछि। गंगा, पुनपुन, बूढ़ि गंडक, घाघरा आओर कोसी सहित कतेको नदी कतेका ठाम खतराक निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ भेटल जनतबक अनुसार गंगा नदीक जलस्तर पटनाक गांधी घाट मे खतराक निशान सँ एक सय उनतीस सेंटीमीटर ऊपर बनल अछि। ओतहि, हाथीदह मे गंगा नदी खतराक निशान सँ एक सय सैंतीस सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। भागलपुर जिलाक कहलगांव मे गंगा नदीक जलस्तर लाल निशान सँ एक सय पैंसठि सेंटीमीटर ऊपर बनल अछि आओर जलस्तर आई राति दस बजे धरि सोलह सेंटीमीटर बढि सकैत अछि। एम्हर, खगड़िया मे बूढ़ि गंडक नदीक जलस्तर खतराब निशान सँ दू सय दस सेंटीमीटर ऊपर बनल अछि। ओतहि, मुजफ्फरपुर जिलाक बेनीबाद मे बागमति नदीक जलस्तर खतराक निशान सँ एक सय छओ सेंटीमीटर ऊपर अछि। कटिहार जिलाक कुरसेला मे कोसी नदीक जलस्तर लाल निशान सँ एक सय पैंतीस सेंटीमीटर ऊपर बनल अछि।

———————————————————————————

एम्हर, कतेको नदी मे भारी उफानक कारण खगड़िया, भागलपुर, पटना, बक्सर आओर शेखपुरा सहित कतेको जिला मे बाढ़िक स्थिति गंभीर भऽ गेल अछि। बाढ़ि सँ तेरह जिला मे दस लाख सँ बेसी लोकसभ तबाह छथि। गंगा नदी मे उफानक कारण पटना जिलाक दियारा क्षेत्र मे बाढ़िक स्थिति भयावह बनल अछि।

———————————————————————————

बेगूसराय जिलाक फराक–फराब ठाम आई बाढ़िक पानि मे डूबि कऽ सात लोकक मृत्यु भऽ गेलनि। शाम्हो मे तीन, साहेबपुर कमाल में एक मटिहानी में एक, बरौनी में एक आओर बछवारा में एक लोकक मृत्यु भेल अछि।

———————————————————————————

राजगीरक अंतर्राष्ट्रीय खेल परिसर मे भऽ रहल एशिया रग्बी अंडर–ट्वेंटी सेवेन्स सेमीफाइनल मे महिला वर्ग मे भारतीय टीम चीन सँ हारि कऽ फायनलक दौड़ सँ बाहर भऽ गेल अछि। भारतीय महिला टीम उजबेकिस्तान के हरा कऽ तेसर स्थान हासिल कयलक अछि। कांटक टक्कर मे भूमिका शुक्लाक अगुवाई वाली भारतीय टीम पांचक  मोकाबिल बारह अंक सँ उजबेकिस्तान के हरौलक अछि। एम्हर, भारतीय पुरूष टीम उज्बेकिस्तान के हरा कऽ पाँचम स्थान पर अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल